Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 29 (7430)
30 Июль 2020 сон
Хамиз
adovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Оперативияб штабалъул данделъи

## ЦІодорлъилъи букІине ккола



29 июлалда «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас организациязул нухмалъулезе тІобитІана оперативияб совещание. Гьенир аслияб суалал рукІана «Къурбан гІидалъул» къоялъ районалъул территориялда коронавирусалъул инфекция тІибитІизе тунгутІи, цІияб цІалул соналде хІадурлъи ва цогидалги. Роспотребнадзоралъул хъвай-хъвагІаялги хІисабалде росун, данделъиялда аслияб кІвар кьуна «Къурбан-байрам» унел къояз инфекция тІибитІунгутІиялъе тІадеги гьаризесел табиразул бициналде, бихьизабуна халкъ данде бакІарарал тадбирал гьукъизе, Къурбан хъолаго гьеб иш тІобитІулел бакІазда рацІалъи ва чи гІемерлъунгутІи цІуниялде, гьединал тадбиразда метрагун бащдаб манзи цІунизе кколин цоцада гьоркьоб,- ян бихьизабуна. Гьенибго тІадчІей гьабуна Къурбан хъолел бакІазда цІуниялъулал жал рукІине кколин (маскаби, квердаххелал), гьединго бакІазе дезинфекция гьабизе ккелинги лъазабуна. Бихьизабуна гІидалъул какал ралаго цІодорлъиялъулал къагІидаби киса-кирего цІунеян, цоцада гьоркьоб бакІ тун какал ралаго унти бахунгутІиялъе хІалтІи гьабеянги. ТІад къана киса-кибего учреждениязда дезинфекция гьабун, киналго цІодорлъиялъул жал гьарун, антисептикал хІалтІизарун цІидасан гІадамазда гьоркьоб коронавирусалъул инфекция тІибитІунгутІиялъе ва щивас жиндирго сахлъи цІуниялъе тадбирал гьаре,-янги.

## Дагъистаналда оперативияб ахІвал-хІал

РДялъул Роспотребнадзоралъул 30 июлалде ругел баяназда рекъон коронавирусалъул унтуда хурхун буго гьаб хадусеб хІал.

- 9223 чи коронавирусалъ унтун вукІин чІезабун буго, ай сордо-къоялда жанив гьелъ унтаразул къадар 40 чиясде бахуна.
- кинавниги гьелъ унтун сахлъун вуго 8174 чи,
- гьеб унти букІин чІезабун хун, нилъедаса ратІалъана 445 чи,
- республикаялда унти чІезабиялъе гьабун буго 273157 тест,
- гьабсагІаталда изоляциялда вуго 1677 чи.

## ТІаде къабул гьаруна



ХІалтІудалъун хьезариялъул суалалгун рачІаразда бетІерас бичІчІизабуна кинаб вакансия бачІаниги конкурсалъул кьучІалда хІалтІизе росизе ругилан.

Гьоркьоб лъуна Шамильхъала поселокалъул медучреждениялда хурхараб суалги.

Поселокалда гІумро гьабу лей Бахтика ХІайбулаевалъул букІана гьадинаб суал: «Шамильхъалаялда бугеб республикаялъул гІемер-профилабазул районазда гьоркьосеб больница», «Унсоколо ЦРБгун» цолъи-забуна. Гьелдаса хадуб гьелъие щвана «Центр специализированной медицинской помощи» статус ва хІалтІулеб буго гІадатияб участкаялъул больница гІадин, хІатта гьелъ киналго Дагъистаналъул мугІрузул районазул гІадамазе хьулухъ гьабулеб букІаниги. Гьединго больницаялъул хирургияб отделениялда гьарула захІматал эндоскопическиял операциял. Аслияб жо – гьенир хІалтІулел руго тІадегІанаб классалъул специалистал. Цебе гьеб учреждениялда гьабулаан амбулаторияб сах гьариги, гІицІго Унсоколо районалдаса гурел тІолабго мугІрул районаздасаги, цогидал регионаздасаги гІадамал рачІунаан гьенире сах гьаризе. Гьанже абуни оптимизациялъул хІасилаз нахъе унел руго специалистал, гьелъ сахаб кумек гьечІого хутІулел руго гІадатиял гІадамал,-ян бихьизабуна гьелъ.

Жиндирго иргаялда ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна гьеб суал лъазабун бугин правительствалда, хьул бугин гьеб гІадахъ босилин.

Лъалеб букІахъе жидерго суалал ругел гІадамал районалъул бетІерас щибаб моцІрол ахирисеб арбагІ къоялъ т1аде къабул гьарула.

ГІадат хІисабалда щибаб моцІрол ахирисеб арбагІ къоялъ районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас тІаде къабул гьарула районалъул гІадамал. Гьедин гьаб моцІалъул арбагІ къоялгьи къабул гьаруна гьес рач1ине бокьарал.

Щивав жидерго суалалгун рачІарал гІадамазулъ ГІ. МухІамадович гІенеккана кІвар кьун, ваккана щибаб суалалде гьорлъе, къабул гьарулезгун цадахъ зах1малъаби ругел суалазе батана битІараб нух.

Приемалъе рачІарал щивасе гьеб къоялъ щвана чІванкъотІарал жавабал, рихьизаруна суалал тІураялъе ресал: бицана кинал суалалгун лъихъе ине, ахІизе, гІарзаби хъвазе кколелали.

Жалго суалалин абуни гьес росана жиндирго бербалагьиялде гъоркье ва рагІи кьуна гьел гІумроялде рахъинариялъе квербакъилилан.

ГІемерисел суалал рукІана хехго, бакІалдаго тІуразарун бажарулел. ГІ. НурмухІамадовас рагІи кьуна хасаб кІвар кьезе рукІа-рахъиналъул, ракьазда хурхун, хІалтІудалъун хьезариялъул ва цогидалги батІи-батІиял суалазде. Щивниги хутІичІо гьеб къоялъ тІаде къабул гьавичІого ва жидерго суалазе жавабал щвечІого.

## Тылалъул ветераназе – медалал



Россиялъул Федерациялъул Президентасул Указалда рекъон 2019 соналъул 13 июналда тылалъул ветераназе кьун руго «КІудияб ВатІанияб рагъда бергьараласа 75 сон тІубай»,-абурал медалал.

Гьедин Россиялъул Федерациялъул Президентасул цІаралдасан медалал кьун руго ЦІатІанихъ росдал тылалъул ветераназе. Гьезда гьоркьор руго Эхо Камалудинов, Шамсият Камалудинова, Арубика НурмухІамадова, МухІамадхІажи ТІагьиров ва Залму Исрапова. Медалал кьуна жакъа нилъеда гьоркьор гьечІел ветераназеги, гьел къабул гьаруна ветераназул ирсилаз.

Медалал кьолеб тадбиралда гІахьаллъана райадминистрациялъул хІисабсуалалъул палатаялъул председатель ГІамир Насрудинов, ЦІатІанихъ росдал бетІер НурмухІамад Сайпулаев, росдал культурияб рукъалъул директор ПатІимат Жамалудинова, библиотекаялъул зав. Гулайпат Насрудиноваги.

РакІ-ракІалъ баркула ветераназда ВатІаналъул тІадегІанал шапакъатал!

Ахихъан
Районалъул газета
№ 29 (7430)
Хамиз
30 июль 2020 сон



ХIакъаб рагIиги бице, цо хIалалда чIезе лъай,
ХIарамаб рикIкIад гьабун, битIараб бицин лъикIаб.
ВацIцIадав, цIар тIокIавги цIадав лъун вухIуларев,
ХIалихьатав, хъубав чи чурун вацIцIалъуларев
*Инхоса ГIалихIажияв*

# ГIолохъанлъи



## Парадалда гIахьаллъизе мустахIикълъана

### (Роха-хинлъиялъул парадалда гIахьаллъана нилъер ракьцояв)



26 июлалда тIолабго улкаялъ кIодо гьабуна рагъул-ралъдал флоталъул Къо. Гьелда гIахьаллъана Североморскиялъул, Балтикаялъул, Севостополалъул, Средиземнияб ралъдал Тартус порталъул, Каспийскиялда бугеб Каспиялъул флотилиялъул цIияб базаялъулаб пунктазул рагъухъаби ва ралъдахъаби. Аслияб куцалда гьеб къо кIодо гьабулеб букIана Санкт-Петербургалда. Гьенир рукIана жакъасеб техника; гуми ва цогидаби. Тадбиралда гIахьаллъана тIоцебесеб сериялъул фрегат «Флоталъул адмирал Касатонов», кIудияб десантнияб гама «Петр Моргунов» ва лъелъ букъулеб лодка «Петропавловск-Камчатский».

Парадалъул гьаваялъулаб бутIаялда рукIана 4I самолет-вертолет, гьезда гьоркьор рукIана лъелъ рукъулел гумузда данде хIалтIулеб Бе-200 «Альтаир» амфибияб самолетги.

Рагъул ралъдал флоталъул Къоялъ парадалда гIахьаллъана гIемер батIи-батIиял бутIабаздаса хъулухъчаг1и гурелги ралъдал флоталда хъулухъ гьабулел Россиялъул гIолохъабиги. 26-27 июлалда Кронштадталъул Дворцовияб кьода борхана Андреевасул байрахъ. Гьеб рохалилаб ишалъулъ гIахьаллъизе рес щвана нилъер ракьцояв, флоталда хъулухъ гьабулев Унсоколо росулъа Казачиев Шамиль МухIамадовичасеги (т1оцебесеб сураталда квегIиса).

Дагъистаналъул политехническияб колледжги тIадегIанал къиматазда лъугIизабун гьес 20I9 соналдаса нахъе хъулухъ гьабулеб буго Калининград шагьаралда, Балтикаялъул ралъдал флоталда.

ФедералиябкIвараlъул Санкт-Петербургалда рагъул ралъдал флоталъул парадалда гIахьаллъизе ватIаналъе хъулухъ гьабулел тIаса рищулаго мустахIикъазда гьоркьове ккана Шамиль МухIамадовичи. Гьедин гIолилас улкаялъул ва Дагъистаналъул гIолилазе мисал бихьизабуна ВатIаналда цебе тIадегIанаб борч намус бацIцIадго тIубазабулаго.



Баркала, Шамиль МухIамадович, Дуе, ВатIаналъе гьабулеб тIадегIанаб хъулухъалъухъ, гьелъие ритIухълъиялъухъ. Нух битIаги, Дуе, гIумроялъул нухда!

Нижер консультация

## Законалда хиса-басиял

* Гьанжеялдаса цIияб машина учеталда лъезе ГИБДДялде инчIониги бегьула. Автомобилистазул рес буго транспорталъулаб алаталъул хъвай-хъвагIай (регистрация) гьабиялъул свидетельствоги гьелъул номерги автосалоналдаго щвезе. Цебеккун цо яги чанго бетIергьан вукIараб автомашинадул хъвай-хъвагIай гьабиялда хурхун хиса-басиял ккун гьечIо.

* Профилактикиял медосмотрал ва диспансеризациял гьарулаго онкологиялъулал унтаби загьир гьарурал сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазе гьира базабиялъулал гIарцал кьезе рихьизарун руго 2020-2022 соназда. Гьединго ОМСалъул базовияб программаялда гьорлъе унарел тIадегIанал технологиязулаб кумекалъе харжал гьаризе руго ФОМСалдасан гуреб, жибго федералияб бюджеталдасан.

* Российназе рес щвана росабалъ мина босизе яги базе хайир бугеб ипотека щвезе: -кредиталъул болжал – 25 сонидаса тIаде инчIел, -ставка-3% щвезегIан, кредиталъул къадар 3 млн. щвезегIан, (Ленинград областалъеги ДФОялдеги – 5 млн. щвезегIан).

-ТIоцебесеб взнос – I0 % дагь гьечIеб.

**(Ахир 4 гьумералда)**

## Нилъер къоял

ТIад вугесда гуреб къадар лъалареб
Къоял руго нилъей ракьалда къурал,
БетIергьанас хъвараб къисматалдаса
Гали босулареб нух буго цебе.
Метерисеб къойин къотIулин хIукму
ХIакъикъаб къоялъул лъазе кIоларез,
Гьабизе бугелъул гьабулин пикру
ХутIараб нухалъул манзил лъаларез.
Жеги кватIун гьечIин гьабула хиял
Хвалил нух борцунеб роцен гьечIеца,
Хадуса гьабилин хьвагIун тола квер
ГIумруялъул кверщел кодоб гьечIеца.
Нилъедаги гьикъун щоларин къадар
Къоял рикьун кьоге питна-рагIуе.
Изну духъа босун щоларин чапар
Чияргун бахIсалда биччаге гIумро.
Барщун вугин абун чIоге нахъегIан
Хадуб ракI бухIила арал къоязухъ,
Кьаллъун вугин абун кьурун вуссунге
ЦIаге гIазабалде щун ругел къоял.
ГIолохъанго ругин ракI чIун хьвадуге
Ригь цIехолеб гьечIин хвалил чапарас,
Хиялал гIемерлъун тохлъизе чIоге
Жегиги гьечIин нилъ нилъерго рокъор.

## Ирсалъе щиб телеб?

ЧIунтун унел руго гьал нилъер ракьал
ЧIагоял нугIзаллъун цере нилъги тун,
ГIуру къалеб буго нилъер ракьуда
ГIодоре къулизе нилъги кIухIаллъун.
Нилъер умумазул гIетIалъ чурараб
Дуй гурищ ирсалъе аб тун букIараб,
Чанги захIмат баччун, гIемер къо бихьун
ДутIе аманатан тун букIинчIищ гьаб?
Яги нилъ киналго гIорцIунищ ругел
РахIат гIоларого гогьлъунищ ругел?
Нилъ киналго цадахъ унтунищ ругел?
Хурире-ахикье ине кIоларел.
Дуй таргьа щибизе, магIарул бика,
Къвалакь бараб сумка гIун буго дуе,
Ахикье-хурие мун щай гIадада
Базараби руго гьанже хьвадизе.
Базаралде ани эниса дуе
Босе щолареб жо щибниги бугищ?
Нилъерго нигIматал туризеги чIван
ЦIар лъезе лъалареб тIагIам лъикI нилъей.
Нилъейго тараб ирс ккезе лъаларез
Ирсалъе щиб телеб нахъе ругезе,
Аманат гьабураб чIунтизе тараз
Щибилан малъилеб хадур ругезда?!

## БатIияб замана ракьалде щвараб

Чу бихьун чи вихьун чарлъараб дунял
ГIарцул хIал бугезухъ бугеб борхалъи,
Гьоркьан къвал чучараб чода киналго
Чангит нахъе цIазе щолев гьечIев чи.
ГIарцул гуронани мацI бицунареб
МацIие гурони кIал гьакIкIалареб,
Бечелъи гурони чи цIехолареб
Тамаша ракьалда рештIун бугеб мех.
Бугелда гIей гьабун гIадан чIолареб
Хъамулеб, хъвагIалеб гIадалаб дунял,
Баха буго тахиде, бечелъи гьанже
ЧIун ругин киналго дуе лагълъуда.
Рес бугесда цебе къулулеб бетIер
Эсий хIурмат гьабун бахъулеб тIагъур,
Эсий хъулухъалъе, асс ххатиралъе
РакI гьеялъе чIарал гIемерал чагIи.
Пакъир-мискинасде рехулареб бер
Мунги щиван абун гьикъулареб цIар,
Дуде регIун гьечIин гьабсагIатилан
ТIаде вачIарасул бухIулеб гьумер.
Дагьалъ ургъун бихье, гIадамил лъимер
ГIаздал гIанси гIадин гIунизе чIоге,
ЦIаха дудего цIан нахъегIан чIоге
ЦIорораб гамчIиде руссине гурин.
Баге диргун дагIба гьедин гьечIилан
Гьедин буго дунял гьаб жакъа къоялъ,
АхIуге къецалде мекъи йигилан
РитIухълъи тIагIараб гьаб заманаялъ.
Кверзул садакъаде хIал батичIони
Гьимун кIалъангIаги гьабе садакъа,
Бугелда бахиллъун хутIун ратани
Чи разилъуледухъ кье данде жаваб.

**П. ЧУПАНОВА.**
**ГьоцIалъ росу.**

# Къурбан моцIалъул хиралъи

**Къурбан моцI, ай ЗулхIижжат моцI ккола жидеда жанир рагъ хIарам гьарурал, хIурматиял моцIазул цояблъун. Исламалъул щуабилеб рукну – хIеж гьаби жинда жанибе кколеб, хIал кIолев чияс тIубараб моцIалъго кIал кквезе суннатаб моцI ккола гьеб. Хасго ЗулхIижжаталъул цебесеб анцIго къоялъ кIал кквезеги гьел къоязул сардал рорчIизеги цIакъго хирияб буго.**

**Тирмизиясги ибну Мажигьицаги Абу Гьурайратидасан бицараб хIадисалда буго: «Бищунго гIамал хирияв, Аллагьасеги жидедъ гьабурал лъикIаб гIамал бокьулел къоял ЗулхIижжаталъул цебесеб анцIабго къо буго. Гьезул цо къоялъ ккураб кIал лъагIалил кIалазда бащалъула, цо сордоялъ вахъун тIадегун гьабураб лъикIаб гIамал Лайлатул къадриялъ гьабураб гIамалалда бащалъула»,-ян.**

## ГIИДАЛЪУЛ СОРДО-КЪОЯЛЪ ГЬАРУЛЕЛ АДАБАЛ

Гьеб сордоялъ бусурбабаз гьаризе суннатал адабал:

I. Такбир бачин. Гьеб сордоялъ маркIачIул гIуж щваралдаса хадуб такбир бачине байбихьула. Гьеб бачуна мажгитаздаги, рокъобги, къватIаздаги, базараздаги, киса-кибго. ГIидалъул как базе байбихьарабго такбир лъугIизе тола, гьелда абула мурсалаб такбир, ай каказда хурхине гьабичIеб такбир,- абун.

КIиабилеб такбир ккола мукъайядаб такбир, ай каказда хурхине гьабураб такбир. Мукъайядаб такбир гIицIго Къурбан хъвеялъул ГIидалъул къоязда бачине суннатаб буго.

Мукъайядаб такбирги ГIидалъул сордоялъул маркIачIудаса байбихьун, ташрикъалъул къоязул ахирисеб къоялъул радал лъугIизабула. Ташрикъалъул къоялги ЗулхIижжаталъул 11, 12, 13 къоял ккола. Гьел къоязул киналго фаризаял каказдаги, суннатал каказдаги, рецIун ралел каказда хадубги ахIун такбир бачине суннатаб буго.

Такбир бачунеб къагIидаги гьадинаб буго: Аллагьу акбар! Аллагьу акбар! Аллагьу акбар! Ла илагьа иллаллагьу валагьу Акбар! Аллагьу акбар валиллагьу хIамд. Аллагьу акбар кабиран валхIамдулиллагьи касиран ва субхIаналагьи букратан ва асила. Ла иллагьа илаллагьу ва ла нагIбуду илла ийягьу мухлисина лагьу дина ва лав каригьал кафирун. Ла илагьа илаллагьу вахIдагьу садакъа вагIлагьу ва насира гIабдагьу ва гьазамал ахIзаба вахIдагьу ла илагьа илла ллагьу ва ллагьу акбар!

Гьеб ГIидалъул сордоги Къуръан цIалун, какал ран, такбир бачун, вирдал гьарун, чIаго гьабизе суннатаб сордо буго. Нилъер хирияв Аварагас абуна:

«Щив чи вугониги жинца кIал биччаялъулги Къурбан хъвеялъулги кIиябго сордо чIаго гьабун, цогидазул ракIал холеб къоялъ гьесул ракI холаро»,- абун.

Гьединго гьеб къоялъ бищунго берцинаб, бацIцIадаб, багьаяб ретIел ретIинеги, суннатаб черх чуризеги, черхалда гьуинал махIал гьаризеги, рас-малъ къунцIизеги суннатаб буго. ГIидалъул какде мажгиталде унев чи, гIодове виччан, халатаб нухдасан инеги, къокъаб нухдасан тIад вуссинеги суннатаб буго. Къурбан къоялъул гIидалъул как базегIан щибниги жо кваначIого тезеги суннатаб буго.

## КЪУРБАН ХЪВЕЯЛЪУЛ ХIИКМАБИ

Къурбан хъвеялъул хIакъалъулъ Къуръаналда абулеб буго:

«Дуца дур БетIергьанасе гIоло, Гьев разилъиялъул мурадалда какги бай, Къурбанги хъве»,-ян.

Цоги хирияб аяталда буго:

«Аллагьасухъе нужеца хъурал къурбаназул биялги гьаналги щоларо, кинниги Гьесухъе щола Аллагьасукьа бугеб хIинкъи»,-ян унго-унголъун Аллагьасукьаги хIинкъун, Гьев разилъиялъул мурадалда Къурбан хъве, гьеб Аллагьас къабул гьабулилан.

Къурбан хъвезе ракIалда бугев чияс ЗулхIижжаталъул тIоцебесеб къоялдаса байбихьун Къурбан хъвезегIан черхалдаса я рас, я малъ къунцIичIого тезе суннатаб буго, ай къунцIизе карагьатаб буго.

Къурбаналъул хиралъиялъул хIакъалъулъ хирияб хIадисалда нилъер Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго:

«Къурбан хъолеб къоялъ инсанас гьабулеб гIамалалъул бищунго Аллагьасе бокьулеб гIамал би гIодобе тIей буго, ай Къурбан хъвей буго». Гьебго хIадисалъул ахиралдаги буго:

«Къурбаналъул бидул тIири ракьалде бортилалде цебе гьеб тIири Аллагьас тIадегIанаб бакIалде бахине гьабулилан».

Тирмизияс бицараб цоги хIадисалдаги буго: «Къурбаналъул щибаб рас рикIкIун бетIергьанчиясе кири хъвалилан».

Къурбан хъвей муаккадал, ай нилъер Хирияс тIадчIей гьабурал, рес букIаго нилъецаги тезе бегьуларел суннатаздасан цояблъун ккола. ХIатта цо-цо имамзабаз фаризаяб бугин абулебги буго. Амма гьеб хъвезеян абун назру гьабуни, гьеб мехалъ гьеб Къурбан хъвезе тIадаб буго. Гьеб тIадаб Къурбаналъул щибниги жо кваназеги бегьуларо, кинабго, хIатта тIом-квасгицин мискинзабазе кьезе ккола. Гьединго кваназе бегьуларо васият гьабурав чиясдасан хъураб Къурбаналъул гьанги. Амма васият гьабурав чияс абуни, дидаса Къурбаналъе хъураб жоялъул кколеб бутIа мискинзабазеги кьун, хутIараб кванай,- абун, гьеб мехалъ кваназе бегьула. Васият гьабичIев хварав чиясдаса Къурбан хъвезе бегьи – бегьунгутIиялда хилаф буго. Хъвезе бегьулин абулел гIалимзабиги ругелъул, гьелдаса пайда гурони зарал щвеларо. Къурбан хъвезе суннатаб буго бусурманав, гIакъилав балугъалъарав чиясе, Къурбан хъвеялъул хадусеб лъабабго къоялъги жиндиеги жинца хьихьизе кколел чагIазеги кваназе гIолеб жоги батани, гьелдаса тIокIлъараб жоялдаса Къурбан хъвей муаккадаб суннат буго. Рес рекъани, рукъалъул агьлуялъул щивасдаса хъвезеги суннатаб буго, амма цоясдаса хъуниги рукъалъул агьлуялъул киназдасаго суннат тIаса ккола. Къурбаналъе хъвезе бегьулел хIайванал вараниги, чIегIерхIайванги, гIиялъажоги буго. Рес гьечIев чияс гIанкIу хъуниги, хъвезе бегьулиланги буго, Аллагь разилъаяв ибну ГIабасица гьедин абунилан буго. (Бал: «ШархIул Мафрузъ», 202 гьум.) Къурбаналъе бегьизе ккани, варанидул щуго сон тIубараб букIине ккола, чIегIерхIайваназулги цIаназулги кIиго сон тIубараб букIине ккола. ГIиялъажоялъул цо сон тIубараб букIине ккола, ялъуни анлъго моцIги тIубараб, цереса цабиги рортараб букIине ккола. Къурбаналъе хъолеб хIайван гьаналъе мукъсанлъи гьабулеб гIайибаздаса бацIцIадаб букIине ккола. Масала, цIакъго хIалакъабги бегьуларо, цIакъго рекъабги, цIакъго беццабги, цIакъго унтарабги бегьуларо, гIинзул цо бутIа къотIарабги бегьуларо, хъвалхьараб бегьула. Имам абу ХIанифилги имам Маликилги мазгьабазда рекъон гIинзул лъабго бутIа гьабун цо бутIа гIанисеб къадар къотIараб бугониги, гьебги бегьула. ГIундузул цо бутIа къотIараб гурони щолеб гьечIони, кIиявго имамасда нахъги рилълъун, гьебги хъвезе бегьула Къурбаналъе. ГIундул рорлъарабги, лълъурдул гьечIебги бегьула, балъ (суй) гьабурабги бегьула. ГIантаб бегьуларо, хьирис барабги бегьуларо, къинаб бегьулиланги абула. Къурбаналъе бищунго хъвезе хирияб варани буго, хадуб чIегIерхIайван буго, хадуб гIиялъажо буго. Варанидулги чIегIерхIайваналъулги анкьил бутIаялда гIахьаллъиялдаса цо гIиялъажо хъураб хирияб буго. ЦIцIе хъвеялдаса квасул жо хъураб хирияб буго, квасул жоялъулги куй хъураб хирияб буго, куйдузда гьоркьосаги хъахIаб, лълъурдулги чIахIияб хирияб буго. Киналго хIайваназда гьоркьосаги чIахIиял, кьариял хъуни хирияб буго.

## КЪУРБАН ХЪВЕЯЛЪЕ НИЙЯТ ГЬАБИ

Къурбан хъолеб мехалъ нийят гьабила: «Дица нийят гьабула дирго черхалдаса, яги дун вакил гьавурав пуланав чиясдаса суннатаб Къурбан хъвезе, Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар».

Назру гьабун бугони абила: «Дица нийят гьабула дида назру гьабураб Къурбан хъвезе (пуланасдаса яги жиндасаго) Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар»,- абун.

Нийятги Къурбан хъолеб гIужалъ гьабизе ккола. Къурбан жиндасаго хъолеб бугони, жиндирго квералъ хъвезе суннатаб буго, жинцаго хъолеб гьечIони, хъолеб гIужалда аскIов вахъун чIезе суннатаб буго. Нилъер хирияв Аварагас (с. т. гI. в.) Аллагь разилъаяй жиндирго яс ПатIиматида абуна:

«Мун тIаде яхъа, дурго Къурбаналда аскIой яхъун чIа, гьелъул тIоцебесеб бидул тIири тIинкIараб мехалъ дур церехун арал мунагьал чурула»,- ян. ХIадис ХIакимица бицана къучIаб иснададлалъун.

Хъвезе цоги чи вакил гьавулев вугони, нийят гьаби вакиласде тIамизеги бегьула. ГIиялъажо хъолеб бугони, нийят цо чиясдасан гурони гьабуларо, кириялъулъ бокьа-бокьарал чагIи гIахьал гьаризеги бегьуларо. ЧIагояв чиясдаса Къурбан хъвезе бокьани, гьесул изну къваригIуна, изнуги гьечIого чIагояв чиясдаса хъураб Къурбан къурбанлъун букIунаро. Хварав чияс васият гьабун гьечIони гьесдаса Къурбан хъвезе бегьуларо, къучIаб рагIиялда бан. Амма бегьизеги бегьулин, кириги щолилан абулел гIалимзабиги руго. Балагье: «Сиражул вагьгьажалде», «ЩархIул Мафрузалде», «Уммул баяналде», ва гь. ц.

Къурбан хъолев чиги Къурбаналъе хъолеб хIайванги Къиблаялдехун руссун рукIине суннатаб буго. Къурбан хъолеб мехалъ «Бисмиллагь» бахъила, цинги свалат битIила, цинги лъабцIул «Аллагьу акбар» абила, цинги гьаб дугIа цIалила:

«Аллагьума гьаза минка ва илайка фатакъабал мини»,-абун. Нусги лъухьун рекIинабизе суннатаб буго, хъолеб хIайванги бехьерхьун бачинчIого, бигьаго хадуб цIан бачина. Нусги хIайваналда бихьизе теларо, цояб хIайванги тIаде балагьун букIаго, гьелда цебе цогидабги хъвеларо, мукъулукъалда нусги хехго бахъила. Къурбан хъолеб гIуж байбихьула ГIидалъул къоялъ хочол къадаралъ бакъ бахун хадуса, гьеб ккола, бакъул тIогьиллъиги ун, бакъ хъахIлъараб заман, гьелдаса байбихьун ГIидалъул къоялъги хадусеб лъабабго къоялъги Къурбан хъвезе бегьула. Ахирисеб къоялъул маркIачIул гIужалда Къурбан хъвеялъул заман лъугIула.

Хъураб Къурбан назру гьабураб бугони, гьеб хъурасги, гьес хьихьизе кколел чагIазги кваназе хIарамаб буго, кванараб жоги мискинзабазе бецIизе ккола, къимат кьуниги, кванараб къадар кьуниги. Амма суннатаб Къурбан абуни, гьелъул цо бутIа, яги гьанал кесек мискинзабазе гIатIгояб хIалалда кьезе тIадаб буго, хутIараб гьан хъурасги, гьесул агьлуялъги кваназе бегьула, бакъвазе базеги бегьула. Лъабил цо бутIа мискинзабазеги кьун, цоги лъабил бутIа жинцагоги кванан, цоги лъабил бутIа сайгъат гьабуни, гьебги хирияб буго. ТIулалдаса кIиго-лъабго лукъманги кванан, хутIараб кинабго садакъаде кьезе суннатаб буго. Сайгъат гьабун бечедазе кьураб гьан гьез бичизеги хIарамаб буго, мискинзабазе садакъа гьабураб гьан бичизе гьезие ихтияр буго. Белъун гьангун, гьеб кваназе гIадамал ахIизеги бегьула. Хъураб жоялъул тIом, квас садакъаде кьезеги бегьула, сайгъат гьабизеги бегьула, жинцаго какикь тIамун пайда босизеги бегьула, амма бичизе хIарамаб буго. Цо-цояз гьикъула Къурбаналъе хъураб жо бугони, гьеб мавлидги ахIун, гIадамазда кваназабизе бегьулищилан? Гьебги бегьула, амма цин мискинзабазе кколеб гьанал кесек батIа гьабизе ккела, хутIараб гьан, белъинеги белъун, мавлид ахIизе бегьула.



Аллагьас тавфикь кьеги! Амин!

# Получение бесплатной медицинской помощи гражданам гарантировано Конституцией РФ

Медицинская помощь в рамках Территориальной программы государственных гарантий оказания бесплатной медицинской помощи гражданам в Республике Дагестан оказывается бесплатно, в том числе и частными медицинскими организациями, осуществляющими деятельность в системе обязательного медицинского страхования. Виды медицинской помощи, не входящие в программу ОМС, или медицинская помощь, оказанная сверх выделенных объемов финансирования, оказываются за плату.

Медицинская организация обязана информировать граждан о возможности получения медицинской помощи в рамках программы государственных гарантий оказания бесплатной медицинской помощи в Республике Дагестан.

В случае нарушения своих прав на получение бесплатной медицинской помощи, граждане могут обратиться в Территориальный фонд ОМС или в застраховавшую страховую медицинскую организацию.

Телефоны «Горячих линий»

ТФОМС РД - 8-800-2222-905

Филиала ЗАО «МАКС –М» в г.Махачкала - 8 (8722) 67-05-27

В целях исключения возможности заражения COVID-19, приказом определено, что всем пациентам в поликлинике при направлении на стационарное лечение, не ранее чем за 7 дней до поступления в стационар, должно быть организовано лабораторное исследование биоматериала (мазок из носо- и ротоглотки) на наличие COVID-19. Обследование проводится за счет средств

ОМС. Поэтому, если пациентов при плановой госпитализации просят сдать тест на коронавирус за свой счет, это является нарушением прав пациента. Непосредственно при госпитализации пациент должен быть осмотрен терапевтом или педиатром, ему должны проводить бесконтактное измерение температуры тела и пульсоксиметрию (замер насыщения крови кислородом).

При наличии повышенной температуры, сниженном уровне кислорода, иных симптомах респираторной инфекции врач может направить пациента на дополнительное обследование - рентгенографию или компьютерную томографию легких.

Есть вопросы в сфере ОМС? Звоните в Контакт-центр!

В сфере обязательного медицинского страхования Республики Дагестан выстроена система работы с обращениями граждан через единый Контакт-центр, объединяющий специалистов территориального фонда и страховых представителей страховых медицинских организаций. Если Вы столкнулись с проблемой в получении медицинской помощи, или возникли вопросы в сфере обязательного медицинского страхования, обращайтесь по телефону «горячей линии»Единого контакт-центра 8-800-222-29-05 в круглосуточном режиме (звонок бесплатный).

Специалисты Контакт-центра не только консультируют граждан по вопросам получения медицинской помощи, но и оказывают активное практическое содействие в решении спорных вопросов Вам обязательно помогут!

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**

# Подготовка к школе

В среднем в обычной российской школе одновременно проходят обучение от 500 до 1 500 учеников, возраст которых, как правило, колеблется от 6 до 18 лет. Прибавьте к этому числу преподавателей и прочих сотрудников учебного заведения. В любом случае получится немаленькое количество.

Чтобы при возникновении пожара избежать самых страшных последствий, сотрудники школы должны быть обучены всем правилам поведения и помощи детям в этой жизненно опасной ситуации.



Комплекс мер по обеспечению пожарной безопасности включает в себя организацию внешнего и внутреннего пространства школы, а также обучение сотрудников и учащихся основам безопасного поведения, которое поможет предотвратить пожар или избежать неприятных последствий для жизни и здоровья, если пожар все-таки возникнет.

Перед началом каждого учебного года специальная комиссия должна проверить, все ли противопожарные меры соблюдены администрацией школы. Требований к зданию школы, к внутренним помещениям и прилегающей территории существует немало.

Вот основные:

Прилегающая территория должна быть чистой, сухая листва должна постоянно убираться и вывозиться с территории. Разжигание костров, а также курение на территории школы должно быть строго запрещено.

Дороги и подъезды к зданию всегда должны быть свободными, чтобы в случае пожара спасательные службы могли беспрепятственно подъехать к школе. В многоэтажных зданиях кабинеты, в которых обучаются ученики младшей школы, должны располагаться не выше второго этажа.

Эвакуационные выходы должны сопровождаться указательными знаками, проход к ним должен быть всегда открыт. Расстановка мебели не должна препятствовать доступу к эвакуационным выходам или пожарным объектам.

Все двери должны быть оснащены исправными доводчиками. В зависимости от общей площади школы высчитывается количество огнетушителей. Они должны быть установлены на всех этажах здания. Все здание должно быть оснащено звуковой сигнализацией.

Федеральный закон «Технический регламент о требованиях пожарной безопасности» от 22.07.2008 N 123-ФЗ (последняя редакция).

# Законалда хиса-басиял

* Акцизазде гъорлъе кколел гIемерисеб къайи-къоноялъул ставкаби цIикIкIана. Гьезда гъоркьор руго сидр, пиво, электронниял хъалиянал, тамахъодул продукция, медовуха, 90 чол къуваталде щвезегIан ругел тIадагьал автомобилал, мотоциклал, бензин ва цогидалги.

* ТIокIаб НДФ лъезе гьечIо:

-лъимер гьабидал щолеб гIарцуда;

-лъимал-инвалидазда хадуб хьулухъ гьабун ругел эбел-инсул, къайимчагIазул ва попечителазул тIадеги гIодоркъоязухъ щвараб гIарцуда;

-4000 гъурщидаса гIемер гьечIел студентазе ва аспирантазе гьабураб материалияб кумекалда;

* Кредиталъул процентал къотIизе руго босараб гIарцул I,5 къадар бецIун бахъиндал. Мисалалъе, I00 азарго гъурущ босун бугони, I50 азарго бецIун бахъиндал, тIадеги тIокIал процентал рачIунаро. Гьеб хиса-баси хъатIулеб буго неустойкабазда (гIакIа, пеня).

* КIиабилеб нухалда хIалтIизабичIеб (переработка) кьишни-къул бухIизе гьукъана. Экологиялъулал сборалдаса щварал сурсатал лъугьине руго целевояллъун ва руссинаризе руго хутIалабазул утилизация гьабиялде.

* КъанагIатал унтабаз унтарал дару-сабаялдалъун хьезариялъе программаялда гьоркьоре росун руго жеги кIиго унти, мухIкан гьабичIеб апластическияб анемия ва ирсалъе щвараб II (фибриноген), VII (лабиль) ва X (Стюарт-Прауэр) факторазул дефицит. Гьединал диагнозал ругезе дараби щвезе руго пачалихъияб бюджеталдасан.

* ЦохIо гурони гьечIеб мина-карт бичулаго кьезе кколеб НДФЛ 5 сонидаса 3 соналде бачун буго. Гьеб закон тIибитIула жинда тIад гIумру гьабулел минаби ва магIишаталъул бакIал ругел ракьазул участоказдеги

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 30. 07. 20 г. 17. 20
фактически -18. 10 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.